

## **NeighborWorks PSA (:60)**

CUSTOMER 1 VO (:04)

“Labank t ap sezi kay mwen. Mwen te fou ap chèche èd.”

CUSTOMER 2 VO (:04)

“Mwen te peye yo \$1500—epi yo pa t ban mwen èd yo te di a”

ANNOUNCER VO (:50)

Pa kite laperèz pou pèdi kay ou lakòz OU viktim nan yon fwod modifikasyon prè.

Sonje enfòmasyon sa yo pou pwoteje tèt ou.

Li ilegal pou pifò konpayi reklame frè davans, kèlkeswa ti frè yo mande a.

Okenn konpayi pa ka garanti yo ka modifye prè ou oswa bloke sezi-ipotèk ou.

Epi TOUJOU voye peman ipotèk ou SÈLMAN ba labank ou dwe a.

Ki fason ki pi fasil pou evite yon fwod? Pa peye pou yon modifikasyon prè.

Jwenn èd gratis nan yon ajans konsèy HUD apwouye kounye a.

Pou konnen plis bagay, pou rapòte yon fwod, oswa pou konnen si ou se yon viktim, rele 1-8-8-8, 9-9-5, HOPE. Oswa ale sou sitwèb loan-scam-alert-dot-org.

Se 1-8-8-8, 9-9-5, 4-6-7-3, ak loan-scam-alert-dot-org.

CUSTOMER 2 VO (:02)

Konnen **sin** yo. Chèche enfòmasyon yo.

## **NeighborWorks PSA (:30)**

CUSTOMER 1 VO (:05)  
“Mwen pèdi \$2,000 ak kay mwen.”

ANNOUNCER VO (:25)  
Pa kite laperèz pou pèdi kay ou lakòz ou viktim nan yon fwod modifikasyon prè.

Èske ou konnen li ilegal pou pifò konpayi reklame frè davans?  
Si ou peye lajan ba yon konpayi ki pwomèt ou èd, ou ka viktim fwod.

Pou jwenn èd gratis nan yon ajans konsèy HUD apwouve, oswa pou rapòte yon fwod,  
rele 1-8-8-8, 9-9-5, HOPE, oswa ale sou sitwèb loan-scam-alert-dot-org.

**NeighborWorks PSA (:15)**

ANNOUNCER VO                   (:15)

Labank ap sezi kay ou? Pa peye pou yon modifikasyon frè oswa ou ka viktim fwod. Ale sou sitwèb loan-scam-alert-dot-org, oswa rele 1-8-8-8, 9-9-5, HOPE pou jwenn èd gratis nan yon ajans konsèy HUD apwouve, oswa pou rapòte yon fwod.